

**KAJIAN TINDAK TUTUR EKSPRESIF WONTEN DHAGELAN
MATARAM BASIYO KAPUSAN**

E-JOURNAL


Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Sarat
kangge Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



dening
Novita Suryaningtyas Sitoresmi
NIM 14205241077

Yogyakarta, 16 Juli 2018

Pembimbing,



Dr. Mulyana, M.Hum.

Yogyakarta, 17 Juli 2018

Ketua Jurusan,



Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

KAJIAN TINDAK TUTUR EKSPRESIF WONTEN DHAGELAN MATARAM BASIYO KAPUSAN

THE STUDY OF EXPRESSIVE SPEECH ACT IN DHAGELAN MATARAM BASIYO KAPUSAN

Dening : Novita Suryaningtyas Sitoresmi, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta novita.suryaningtyas@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika ancasiipun kangge ngandharaken jinis saha ginanipun *tindak tutur ekspresif* wonten ing dhagelan Mataram Basiyo Kapusan. Panaliten menika kalebet jinising panaliten *deskriptif*. Sumberipun *data* saking *rekaman* dhagelan Mataram Basiyo Kapusan. Cara ngempalaken *data* inggih menika kanthi *teknik sadap saha teknik catat*. *Data-data* wonten panaliten menika dipunrembag kanthi cara *deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantik* kaliyan *triangulasi teori*, wondene *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater* kaliyan *reliabilitas interater*. Jinisipun *tindak tutur ekspresif* wonten dhagelan Mataram Basiyo Kapusan ingkang kapanggihaken inggih menika: (1) *tindak tutur ekspresif langsung literal*, (2) *tindak tutur ekspresif boten langsung literal*, (3) *tindak tutur ekspresif langsung boten literal*, saha (4) *tindak tutur ekspresif boten langsung boten literal*. Ginanipun *tindak tutur ekspresif* ingkang kapanggihaken wonten dhagelan Mataram Basiyo Kapusan inggih menika: (1) *tindak tutur ekspresif langsung literal* ingkang ginanipun kangge nglepataken, ngandharaken raos duka, pangalembana, panuwun, raos sedhah, raos bingah, raos saha *simpati*, (2) *tindak tutur ekspresif boten langsung literal* ingkang ginanipun kangge nglepataken, ngandharaken raos duka, saha pitudhuh, (3) *tindak tutur langsung boten literal* ingkang ginanipun kangge nglepataken kaliyan ngandharaken raos duka, saha (4) *tindak tutur boten langsung boten literal* ingkang ginanipun kangge ngandharaken raos duka.

Pamijining tembung : *tindak tutur, ekspresif, dhagelan*, Basiyo, kapusan

Abstract

The purpose of this study was to explain the types and the functions of expressive speech acts in Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan. The type of this study was descriptive research. The source of the data was from the audio recording of Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan. The data were collected by tapping and writing techniques and they were analyzed by using descriptive analysis. They were validated by using semantic validity and triangulation theory. The reliability used in this study were intrarater and interater reliability. The result of this study explained the types and the function of expressive speech acts in Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan. Four types of expressive speech acts were found in this study: (1) expressive speech act direct and literal, (2) expressive speech act indirect and literal, (3) expressive speech act direct and non-literal, and (4) expressive speech

act indirect and non-literal. The functions of expressive speech acts in Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan were: (1) expressive speech act direct and literal were to blame, praise, show anger, gratitude, sadness, happiness, and sympathy, (2) expressive speech act indirect and literal were to blame, accuse and show anger (3) expressive speech act direct and non-literal were to blame and show anger, (4) expressive speech act indirect and non-literal were to show anger.

Keywords: Expressive Speech Act, Dhagelan, Basiyo Kapusan

A. PURWAKA

Panaliten menika ngrembag salah satunggaling jinis *tindak tutur* ingkang wonten ing *komunikasi* padintenan, inggih menika *tindak tutur ekspresif*. *Tindak tutur ekspresif* miturut Tarigan (2015:43) ginanipun kangge ngandharaken sikap *psikologis* saking tiyang ingkang ngendika tumuju satunggaling *pernyataan* kawontenan ingkang dipunprakirakaken dening *ilokusi*. Tuladhanipun ngaturaken panuwun, ngaturaken mangayubagya, paring pangaksami, nglepataken, atur pangalembana, atur pambela sungkawa, atur pambagyaharja, saha salajengipun.

Objek wonten panaliten menika arupi *rekaman audio* Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan kanthi *format mp3*. Panaliti milih *objek* menika amargi Dhagelan Mataram Basiyo menika misuwur sanget ngantos samenika. Dhagelan Mataram Basiyo

menika wosipun awujud pawicantenan. Temtu kemawon saking kathahing pawicantenan menika wonten ingkang kalebet *tindak tutur ekspresif*. Dhagelan Mataram Basiyo sinaosa sampun kathah ingkang naliti ananging dereng wonten ingkang naliti *tindak tutur ekspresif*-ipun. Panaliti milih ingkang irah-irahanipun Kapusan tinimbang irah-irahan Dhagelan Mataram Basiyo sanesipun amargi *variasi fungsi ilokusi ekspresif*-ipun kaanggep cekap.

Adhedhasar andharan bab dhasaring panaliten wonten nginggil, wosing panaliten menika ngrembag:

1. menapa kemawon jinising *tindak tutur ekspresif* saking *tuturan* wonten Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan?
2. menapa kemawon ginanipun *tindak tutur ekspresif* wonten Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan?

B. GEGARAN TEORI

1. Pragmatik

Pangretosan *pragmatik* miturut pamanggihipun Verhaar (2001:14) minangka salah satunggaling ngelmu basa ingkang ngrembag menapa kemawon ingkang kalebet *struktur* basa kangge *komunikasi* ing antawisipun pamicara kaliyan pamireng, saha minangka dhasaring tandha-tandha basa ing bab-bab “*ekstralingual*” ingkang dipunginemaken. Wondene miturut Levinson (lumantar Nababan, 1987:2) *pragmatik* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag gegayutan antawisipun basa kaliyan *konteks*. Pangretosanipun *konteks* dipunandharaken dening Mulyana (2005: 21) minangka kawontenan utawi papan dumadosing *komunikasi*.

2. Komponen Tutur

Konsep komponen tutur miturut Hymes (lumantar Kunjana, 2001: 29) asring dipunsebut SPEAKING. SPEAKING menika cekakan saking S (*Settings and Scene*), P (*Participants*), E (*Ends*), A (*Act Sequence*), K (*Keys*), I (*Instrumentalities*), N (*Norms*), G (*Genres*).

3. Tindak Tutur

Tindak tutur miturut Aslinda saha Syafyaha (2007:33) inggih menika bab ingkang gayut kaliyan *individu* ingkang asipat *psikologis* saha dipuntemtokaken dening panguwaosing basa saking tiyang ingkang ngendika nalika ngadhepi kawontenan tartamtu. *Tindak tutur* miturut andharanipun Austin (lumantar Chaer kaliyan Agustina, 2014:53) dipunperang dados tiga, inggih menika *tindak tutur lokusi*, *tindak tutur ilokusi*, kaliyan *tindak tutur perlokusi*. *Tindak lokusi* ginanipun namung kangge ngandharaken samukawis kemawon, salajengipun *tindak ilokusi* arupi andharan saha tumindak, dene *tindak perlokusi* inggih menika *tuturan* ingkang wonten daya pangaribawanipun tumrap tiyang ingkang dipunajak ngendika.

4. Jinisipun Tindak Tutur

Jinising *tindak tutur* miturut Wijana (1996:30) dipunperang dados *tindak tutur langsung* kaliyan boten langsung, saha *tindak tutur literal* kaliyan boten *literal*. Jinis-jinis *tindak tutur* menika salajengipun dipuninterseksi dening Wijana (1996:33) dados *tindak tutur langsung literal*, *tindak tutur boten langsung literal*,

tindak tutur langsung boten *literal*, kaliyan *tindak tutur* boten *langsung* boten *literal*. *Tindak tutur langsung literal* inggih menika ingkang *modus* ukara saha maknaipun sami kaliyan maksud utawi suraosipun saking *tuturan* kasebut. *Tindak tutur* boten *langsung literal* inggih menika *tindak tutur* ingkang *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud utawi suraosipun *tuturan* menika, ananging tembung-tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan maksudipun *tuturan*. *Tindak tutur langsung* boten *literal* inggih menika *modus* ukaranipun jumbuh kaliyan maksudipun, ananging tembung-tembung *tuturan* menika maknaipun boten trep kaliyan suraosipun *tuturan* kasebut. Wondene *tindak tutur* boten *langsung* boten *literal* *modus* saha makna ukaranipun boten jumbuh kaliyan suraosipun ingkang badhe dipunngendikakaken.

5. Ginanipun *Tindak Tutur Ekspresif*

Ginanipun *tindak tutur ekspresif* miturut pamanggihipun Yule (2014:93) nggambaraken andharan-andharan *psikologis* ingkang saged arupi raos bingah, sisah, remen, sengit, utawi kasangsaran. Ginanipun *tindak tutur*

ekspresif ingkang miturut tarigan menika kados ta: ngaturaken panuwun, ndherek mangayubagya, paring pangaksami, nglepataken, nudhuh, ngaturaken pangalembana, ngaturaken pambela sungkawa, saha sasanipun. Wondene miturut Yule *tindak tutur ekspresif* menika arupi andharan raos bingah, raos sisah, raos remen, raos sengit, saha raos sedhah.

C. CARANING PANALITEN

Panaliten menika dipuntaliti ngginakaken cara *deskriptif*. Arikunto (lumantar Prastowo, 2014:203) ngandharaken bilih *metode* panaliten *deskriptif* boten dipuntujokaken kangge nguji *hipotesis* tartamtu, ananging dipunginakaken kangge nggambaraken “menapa wontenipun” bab *variabel*, *gejala*, utawi kawontenan. Sumber *data* wonten panaliten menika saking *rekaman audio* dhagelan Mataram Basiyo Kapusan kanthi *format mp3*. *File* menika dipunundhuh saking *akun Youtube* Slamet Abimanyu. *Obyek* ingkang dipuntaliti wonten panaliten menika sedaya arupi *tuturan* ingkang nedahaken *tindak tutur ekspresif* ingkang wonten ing Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan.

Data-data menika dipunkempalaken mawi *teknik sadap* kaliyan *teknik catat*. *Teknik sadap* dipuntindakaken kanthi mirengaken panganggening basa pamicara utawi para paraga. *Teknik sadap* ingkang kaginakaken inggih menika *teknik simak bebas libat cakap*. Tegesipun panaliti namung nyemak pawicantenan ing antawisipun para paraga dhagelan Mataram Basiyo Kapusan kemawon tanpa ndherek wonten *situasi tutur*-ipun. Wondene *teknik catat* dipunginakaken kanthi nindakaken *transkripsi* tumrap *tuturan-tuturan* wonten *rekaman audio* dhagelan Mataram Basiyo Kapusan.

Piranti panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *human instrument*. Panaliten menika ngginakaken piranti *bantu arupi kartu data* kangge ngempalaken *data*. Piranti *bantu* ingkang dipunginakaken kangge *nganalisis data* inggih menika *tabel analisis*. *Data* ingkang dipunlebetaken wonten *tabel analisis* menika minangka *data* ingkang sampun dipunserat wonten *kartu data*. *Data* dipunpanthapantha miturut jinis saha ginanipun *tindak tutur ekspresif*.

Anggenipun *nganalisis* jinising *tindak tutur* dipunjumbuhaken kaliyan *teori-nipun Wijana*. Salajengipun kangge *nganalisis fungsi* utawi ginanipun *tindak tutur ekspresif* adhedhasar *teori-nipun Tarigan* kaliyan Yule. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipun-*analisis* kanthi cara *deskriptif* wonten perangan *pirembagan*.

Validitas-ipun ngginakaken *validitas triangulasi teori* kaliyan *validitas semantik*. *Uji validitas semantik* dipunginakaken kangge nemtokaken tegesipun makna-makna *tuturan* ingkang gayut kaliyan *konteks* tartamtu. *Uji validitas triangulasi teori* inggih menika njumbuhaken antawisipun *teori* ingkang sampun wonten kaliyan *data* ingkang dipunpanggihaken.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater* kaliyan *reliabilitas interater*. *Reliabilitas intrarater* dipuntindakaken kanthi mirengaken saha nyemak *rekaman audio* Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan ngantos makaping-kaping. *Teknik interrater* dipuntindakaken kanthi ngawontenaken *pirembagan*

dhateng *dosen pembimbing* ngingingi *data-data* ingkang sampun dipunkempalaken.

D. ASILING PANALITEN

1. Jinisipun Tindak Tutur Langsung

Literal

a. Tindak Tutur Langsung *Literal* ingkang Ginanipun kangge Nglepataken

Pak Basiyo : “Tak iling nang meja. Lha gelas, gelase nong kunci. Lemari kuncine tok gawa ki. Aku arep nggugah ra wani kok.”(D.12/DMBK/ 00:14:15)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksud saking *tuturan* kasebut. *Modus* saking *tuturan* menika kangge ngandharaken amargi ukaranipun awujud ukara cariyos utawi ukara *deklaratif*. Wondene *satuan lingual* ‘**kuncine tok gawa ki**’ saking *tuturan* menika maksudipun ugi namung kangge ngandharaken kemawon bilih Bu Tik lepat amargi kunci lemari ingkang kangge nyimpen gelas dipunbekta dening Bu Tik, pramila Pak Basiyo

boten saged ngginakaken gelas kangge damel unjukan.

Gayut kaliyan *konteks tuturan* ingkang sampun kababar wonten nginggil, dipunmangretosi bilih Pak Basiyo dipundukani dening Bu Tik amargi piyambakipun sampun nyuntak unjukanipun Bu Tik. Pak Basiyo lajeng mangsuli kanthi pawadan, “**Lha gelas, gelase nong kunci. Lemari kuncine tok gawa ki.**” *Tuturan*-ipun Pak Basiyo menika nedahaken bilih unjukanipun sengaja dipuniling wonten meja amargi boten wonten gelas. Gelasipun dipunsimpen wonten lemari ingkang kuncinipun dipunbekta Bu Tik. *Fungsi* utawi ginanipun pangandikanipun Pak Basiyo menika kangge nglepataken.

b. Tindak Tutur Langsung *Literal* ingkang Ginanipun kangge Ngandharaken Raos Duka

Pak Basiyo : “Cekakane Bune, Ngadimin lan sing wadon. Kowe gelem leren ra le nangis?” (D.46/DMBK/ 00:48:22)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur boten langsung literal* amargi *modus ukaranipun* boten jumbuh kaliyan maksud utawi suraosipun *tuturan*

menika, ananging tembung-tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun saking tiyang ingkang ngendika. *Modus* saking *tuturan* menika kangge nyuwun pirsamargi ukaranipun awujud ukara pitaken utawi ukara *interogatif*. Wondene *satuan lingual* ‘**gelem leren ra**’ saking *tuturan* menika sejatosipun boten mbetahaken wangsulan. *Tuturan* menika maksudipun kangge ndawuhi Bu Tik supados anggenipun nangis dipunlereni.

Gayut kaliyan *konteks*-ipun, Bu Tik boten saged mendel anggenipun nangisi Ngadimin kaliyan Sayem nalika Pak Basiyo saweg ngendika. Pak Basiyo rumaos mangkel saha duka, lajeng ndhawuhi Bu Tik supados mendel anggenipun nangis kanthi ngendika, “**Kowe gelem leren ra le nangis?**” *Tuturan* ingkang dipunngendikakaken Pak Basiyo menika minangka *tindak tutur ekspresif* ingkang ginanipun kangge ngandharaken raos duka.

c. *Tindak Tutur Langsung Literal* **ingkang Ginanipun kangge Pangalembana**

Bu Tik : “Bagus tenan lho kowe pancena.” (D.9/DMBK/00:13:15)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksud saking *tuturan* kasebut. *Modus* saking *tuturan* menika kangge ngandharaken amargi ukaranipun awujud ukara cariyos utawi ukara *deklaratif*. Wondene *satuan lingual* ‘**Bagus tenan**’ saking *tuturan* menika maksudipun ugi namung kangge ngandharaken pangalembana dhateng Pak Basiyo kemawon.

Gayut kaliyan *konteks* ingkang sampun kababar wonten nginggil bilih ing wanci enjing nalika Bu Tik wungu Pak Basiyo sampun ndamelaken unjukan. Bu Tik rumaos remen amargi menapa ingkang dipuntindakaken Pak Basiyo menika sampun trep kaliyan ingkang dipunkajengaken Bu Tik. Bu Tik lajeng caos pangalembana menawi Pak Basiyo kanthi ngendika, “**Bagus tenan lho kowe pancena.**” *Fungsi* utawi ginanipun pangandikanipun Bu Tik wonten nginggil inggih menika kangge ngaturaken pangalembana.

**d. Tindak Tutur Langsung Literal
ingkang Ginanipun kangge
Ngaturaken Panuwun**

Sayem : “Nggih, nuwun nggih kang nggih.” (D.30/DMBK/ 00:29:10)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksud saking *tuturan* kasebut. *Modus* saking *tuturan* menika kangge ngandharaken amargi ukaranipun awujud ukara cariyos utawi ukara *deklaratif*. Wondene *satuan lingual* ‘**nuwun**’ saking *tuturan* menika maksudipun ugi namung kangge ngandharaken panuwun dhateng Pak Basiyo kemawon.

Gayut kaliyan *konteks* ingkang sampun kababar wonten nginggil bilih Sayem sowan dhateng griyanipun Pak Basiyo saperlu badhe nyaosi priksa bilih Ngadimin pejah. Pak Basiyo rumaos welas saha sedhah, lajeng maringaken arta kangge Sayem. Sayem lajeng matur, “**Nggih, nuwun nggih kang nggih,**” dhateng Pak Basiyo. *Fungsi* utawi ginanipun pangandikanipun Sayem wonten nginggil inggih menika kangge ngaturaken panuwun.

**e. Tindak Tutur Langsung Literal
ingkang Ginanipun kangge
Ngandharaken Raos Sedhah**

Pak Basiyo : “Rasaning atiku emeng, benah karo siji dinane.” (D.36/DMBK/ 00:36:53)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksud saking *tuturan* kasebut. *Modus* saking *tuturan* menika kangge ngandharaken amargi ukaranipun awujud ukara cariyos utawi ukara *deklaratif*. Wondene *satuan lingual* ‘**Rasaning atiku emeng**’ saking *tuturan* menika maksudipun ugi namung kangge ngandharaken raosing manah Pak Basiyo ingkang nandang sedhah.

Gayut kaliyan *konteks* ingkang sampun kababar wonten nginggil bilih Pak Basiyo nyusul Bu Tik dhateng Peken sasampunipun angsal pawartos saking Sayem bilih Ngadimin pejah. Pak Basiyo lajeng ngandharaken raos sedhihipun dhateng Bu Tik kanthi ngendika, “**Rasaning atiku emeng.**” *Fungsi* utawi ginanipun pangandikanipun Pak Basiyo wonten

ninggil inggih menika kangge ngandharaken raos sedhah.

f. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Ginanipun kangge Ngandharaken Raos Bingah

Sayem : “Ha seneng ta wong keturutan karepe kok.”
(D.40/DMBK/ 00:42:04)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksud saking *tuturan* kasebut. *Modus* saking *tuturan* menika kangge ngandharaken amargi ukaranipun awujud ukara cariyos utawi ukara *deklaratif*. Wondene *satuan lingual* ‘**Ha seneng ta**’ saking *tuturan* menika maksudipun ugi namung kangge ngandharaken raos bingah ingkang dipunraosaken Sayem.

Gayut kaliyan *konteks* ingkang sampun kababar wonten nginggil bilih Ngadimin gumun amargi ningali Sayem ketingal bingah sanget sasampunipun wangsul saking griyanipun Pak Basiyo. Ngadimin lajeng nyuwun pirsu dhateng Sayem menapa sebabipun Sayem ketingal bingah sanget. Sayem lajeng mangsuli bilih piyambakipun rumaos bingah amargi menapa ingkang

dipunkajengaken tansah kasembadan kados ing *tuturan*, “**wong keturutan karepe kok.**” *Fungsi* utawi ginanipun pangandikanipun Sayem wonten nginggil inggih menika kangge ngandharaken raos bingah.

g. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Ginanipun kangge Ngandharaken Raos Simpati

Pak Basiyo : “Ha ya nek kepepet nganu ya melu mas ta. Dadi mati ta?” (D.29/DBMK/ 00:28:57)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksud saking *tuturan* kasebut. *Modus* saking *tuturan* menika kangge ngandharaken amargi ukaranipun awujud ukara cariyos utawi ukara *deklaratif*. Wondene *satuan lingual* ‘**ya melu mas ta**’ saking *tuturan* menika maksudipun ugi namung kangge ngandharaken raos *simpati*-nipun kangge Sayem.

Gayut kaliyan *konteks* ingkang sampun kababar wonten nginggil bilih Sayem sedhah sasampunipun dipuntilar Ngadimin pejah. Sayem sambat kaliyan Pak Basiyo amargi bingung badhe ndherek sinten sasampunipun

semahipun pejah. Pak Basiyo rumaos welas lajeng ngendika, **“Ha ya nek kepepet nganu ya melu mas ta,”** ingkang nedahaken supados Sayem ndherek Pak Basiyo kemawon. *Fungsi* utawi ginanipun pangandikanipun Pak Basiyo wonten nginggil inggih menika kangge ngandharaken raos *simpati*.

2. Jinisipun Tindak Tutur Boten Langsung Literal

a. Tindak Tutur Boten Langsung Literal ingkang Ginanipun kangge Nglepataken

Pak Basiyo : “Aku nyambut gawe tok lorot, tok tebus sing salah sapa?”
(D.16/DMBK/ 00:19:43)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur boten langsung literal* amargi *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud utawi suraosipun *tuturan* menika, ananging tembung-tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun saking tiyang ingkang ngendika. *Modus* saking *tuturan* menika kangge nyuwun pirsamargi ukaranipun awujud ukara pitaken utawi ukara *interogatif*. Wondene *satuan lingual* **‘Aku nyambut gawe tok lorot’** saking

tuturan menika sejatosipun boten mbetahaken wangsulan. *Tuturan* menika maksudipun kangge ngandharaken kemawon bilih Pak Basiyo nglepataken Bu Tik ingkang sampun nglorot piyambakipun saking padamelanipun.

Gayut kaliyan *konteks*-ipun, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Pak Basiyo nalika Bu Tik badhe dhateng Peken. Bu Tik alok menawi Pak Basiyo boten saged pados arta piyambak. Pak Basiyo lajeng nglepataken Bu Tik kanthi ngendika, **“Aku nyambut gawe tok lorot, tok tebus sing salah sapa?”** menika nedahaken bilih rumiyin Bu Tik ingkang nebus Pak Basiyo supados medal saking padamelanipun saengga samenika boten gadhah arta piyambak. *Tuturan* ingkang dipunngendikakaken Pak Basiyo menika minangka *tindak tutur ekspresif* ingkang ginanipun kangge nglepataken.

b. Tindak Tutur Boten Langsung Literal ingkang Ginanipun kangge Ngandharaken Raos Duka

Pak Basiyo : “Cekakane Bune, Ngadimin lan sing wadon. Kowe

gelem leren ra le nangis?"
(D.46/DMBK/ 00:48:22)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur boten langsung literal* amargi *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud utawi suraosipun *tuturan* menika, ananging tembung-tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun saking tiyang ingkang ngendika. *Modus* saking *tuturan* menika kangge nyuwun pirsamargi ukaranipun awujud ukara pitaken utawi ukara *interogatif*. Wondene *satuan lingual* ‘**gelem leren ra**’ saking *tuturan* menika sejatosipun boten mbetahaken wangsulan. *Tuturan* menika maksudipun kangge ndawuhi Bu Tik supados anggenipun nangis dipunlereni.

Gayut kaliyan *konteks*-ipun, Bu Tik boten saged mendel anggenipun nangisi Ngadimin kaliyan Sayem nalika Pak Basiyo saweg ngendika. Pak Basiyo rumaos mangkel saha duka, lajeng ndhawuhi Bu Tik supados mendel anggenipun nangis kanthi ngendika, “**Kowe gelem leren ra le nangis?**” *Tuturan* ingkang dipunngendikakaken Pak Basiyo menika minangka *tindak*

tutur ekspresif ingkang ginanipun kangge ngandharaken raos duka.

c. *Tindak Tutur Boten Langsung Literal* ingkang Ginanipun kangge Ngandharaken Pitudhuh

Ngadimin : “Ngrayu kowe?”
(D.42/DMBK/ 00:48:22)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur boten langsung literal* amargi *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud utawi suraosipun *tuturan* menika, ananging tembung-tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun saking tiyang ingkang ngendika. *Modus* saking *tuturan* menika kangge nyuwun pirsamargi ukaranipun awujud ukara pitaken utawi ukara *interogatif*. Wondene *satuan lingual* ‘**Ngrayu kowe?**’ saking *tuturan* menika sejatosipun boten mbetahaken wangsulan. *Tuturan* menika maksudipun kangge ngandharaken kemawon bilih Ngadimin nudhuh Sayem ngrayu Pak Basiyo.

Gayut kaliyan *konteks*-ipun, Ngadimin cubriya kaliyan Sayem ingkang ketingal bingah sanget sawangsulipun saking griyanipun Pak

Basiyo. Sayem bingah amargi Pak Basiyo maringi menapa-menapa dhateng piyambakipun. Ngadimin lajeng nudhuh Sayem sampun ngrayu Pak Basiyo. *Tuturan*-ipun Ngadimin, “Ngrayu kowe?” menika minangka *tindak tutur ekspresif* ingkang ginanipun kangge ngandharaken pitudhuh.

3. Jinisipun Tindak Tutur Langsung Boten Literal

a. Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Ginanipun kangge Ngandharaken Raos Duka

Pak Basiyo : “Wa rak ngono. Duwe utang ki sing mblengeri ngono lho. Dadi utang kuwi sing akeh sisan, dadi sing duwe ki ngeculke ki mbrebes mili ngono. Wong kowe nek omong ya ora senalare. Rak ya sing cocok. Utang ki patute dilarab karo awake, kekuwatane. Lha kok patang juta. Teneh ora tok nggo gawe kreteg. Sing purwa pira?” (D.17/DMBK/00:21:56)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur boten langsung literal* amargi *tindak tutur* ingkang *modus* ukaranipun jumbuh kaliyan maksud utawi

suraosipun, ananging tembung-tembung ingkang dipunginakaken kangge ndadosaken ukara menika maknanipun boten trep kaliyan suraosipun *tuturan* kasebut. *Modus* saking *tuturan* menika kangge ngandharaken amargi ukaranipun awujud ukara cariyos utawi ukara *deklaratif*. Tembung-tembung wonten *satuan lingual* ‘**Duwe utang ki sing mblengeri ngono lho. Dadi utang kuwi sing akeh sisan, dadi sing duwe ki ngeculke ki mbrebes mili ngono**’ menika boten trep kaliyan suraosipun *tuturan*, amargi sejatosipun. maksudipun *satuan lingual* menika kangge ngandharaken bilih Ngadimin anggenipun badhe utang kekathahen saha boten dipunlarab kaliyan awakipun.

Tuturan ingkang dipunngendikakaken Ngadimin menika minangka *tindak tutur ekspresif* ingkang ginanipun kangge nglepataken. Gayut kaliyan *konteks*-ipun, Ngadimin badhe utang Pak Basiyo kathahipun sekawan yuta. Pak Basiyo mangkel kaliyan Ngadimin amargi anggenipun badhe utang kekathahen saha boten dipunlarab kaliyan awakipun. Pak Basiyo ingkang sampun mangkel lajeng nglulu

Ngadimin kanthi ngendika, “**Wa rak ngono. Duwe utang ki sing mblengeri ngono lho. Dadi utang kuwi sing akeh sisan, dadi sing duwe ki ngeculke ki mbrebes mili ngono.**” *Tuturan* ingkang dipunngendikakaken Pak Basiyo menika minangka *tindak tutur ekspresif* ingkang ginanipun kangge nglepataken.

4. Jinisipun Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal

a. Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal ingkang Ginanipun kangge Ngandharaken Raos Duka

Pak Basiyo : “Lha wong njaluk kok seket ewu ki nggedhor pa?” (D.19/DMBK/ 00:25:27)

Tuturan wonten nginggil menika jinisipun kalebet *tindak tutur boten langsung boten literal* amargi *modus* ukara kaliyan tembung-tembung ingkang dipunginakaken boten jumbuh kaliyan maksud utawi suraosipun *tuturan* menika. *Modus* saking *tuturan* menika kangge nyuwun pirsa amargi ukaranipun awujud ukara pitaken utawi ukara *interogatif*. Wondene tembung ‘**nggedhor**’ boten jumbuh kaliyan maksudipun *tuturan* ingkang kangge ngandharaken menawi Ngadimin anggenipun nyuwun arta kekathahen.

Gayut kaliyan *konteks*-ipun, Ngadimin nyuwun arta seket ewu dhateng Pak Basiyo. Pak Basiyo saderengipun naweni supados Ngadimin supados boten sisah utang nanging nyuwun kemawon. Pak Basiyo lajeng jengkel kaliyan Ngadimin amargi Ngadimin anggenipun nyuwun arta kekathahen kanthi ngendika, “**wong njaluk kok seket ewu.**” *Tuturan* ingkang dipunngendikakaken Ngadimin menika minangka *tindak tutur ekspresif* ingkang ginanipun kangge ngandharaken raos duka.

E. DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

1. Dudutan

Jinisipun *tindak tutur ekspresif* wonten ing Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan dipunpanggihaken sekawan jinis inggih menika *tindak tutur langsung literal, tindak tutur boten langsung literal, tindak tutur langsung boten literal, tindak tutur boten langsung boten literal*. Cara nemtokaken jinisipun *tindak tutur ekspresif* ing satunggaling *tuturan* kanthi njumbuhaken antawisipun *modus*, makna, kaliyan maksudipun *tuturan* kasebut.

Ginanipun *tindak tutur ekspresif* ingkang wonten ing Dhagelan Mataram Basiyo Kapusan kathah *variasi-nipun* kados ta kangge nglepataken, ngandharaken raos duka, ngaturaken pangalembana, ngaturaken panuwun, ngandharaken raos sedhih, ngandharaken raos simpati, ngandharaken raos bingah, saha ngandharaken pitudhuh.

2. Implikasi

Asiling panaliten menika saged dipundadosaken waosan ingkang mbiyantu nyukani gambaran tumrap para mahasiswa ingkang badhe nindakaken panaliten sajinis ing *bidang pragmatik* mliginipun *tindak tutur ekspresif*.

3. Pamrayogi

Panaliten *tindak tutur ekspresif* wonten Dhagelan Mataram Basiyo taksih kathah kekuranganipun awit kawruh saking panaliti ingkang taksih kirang. Prakawis ingkang dipuntaliti ing panaliten menika ugi taksih winates ing jinis kaliyan ginanipun *tindak tutur ekspresif* kemawon. Wondene sejatosipun taksih kathah ingkang saged dipuntaliti ngengingi *tindak tutur*

ekspresif, boten namung winates ing jinis kaliyan ginanipun kemawon.

E. KAPUSTAKAN

Aslinda kaliyan Leni Syafyahya. 2007. *Pengantar Sociolinguistik*. Bandung: PT Refika Aditama.

Chaer, Abdul kaliyan Leonie Agustina. 2014. *Sociolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.

Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Prastowo, Andi. 2014. *Memahami Metode-metode Penelitian*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.

Rahardi, R. Kunjana. 2001. *Sociolinguistik, Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Tarigan, Henry Guntur. 2015. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Penerbit Angkasa.

Verhaar, J.W.M. 2001. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Wijana, I. Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: ANDI.

Yule, George. 2014. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.